


Mubatanidzwa Wedu Wenyika
DzePasi Rose
(Our United Nations)



www.un.org

Zviri Mubhuku Rino



1	1. UN zvinorevei?.....	4
2	2. Nhorondo yeMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose.....	6
3	3. Gungano Guru reMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose..... Dare Guru (General Assembly)	8
4	4. Runyararo nekudzivirirwa kwebongozozo munyika..... Kanzuro yezvekuchengetedzwa kwenyika (Security Council)	10
5	5. Zvakanangana nebudiriro yemunhu wose..... Kanzuro yezveUpfumi neMagariro eVanhu (Economic and Social Council)	12
6	6. Mamwe emapazi akakosha eMubatanidzwa weNyika Pasi Rose nemabasa awo (Kanzuro yezveRubatsiro kuNyika Dzisingachakwanisi Kuzvitonga (Trusteeship Council), Dare reDzimhosva Pasi Rose (International Court of Justice) neSecretariat	14
7	7. Nyaya dzemunhu wose dzezveMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose.....	16
8	Chii chinonzi Zvinangwa zveBudiriro zveKutanga kweChuru cheMakore?.....	21
9	Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose munyika yeZimbabwe.....	22

UN zvinorevei?

1



• Bhera reRunyararo



Munzvimbo yakavakirwa chivakwa chemuzinda hweBoka (Secretariat) rinofambisa mabasa eMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose muguta reNew York, mune Bhera reRunyararo rakapiwa nenyika yelapan sechishuvo chayo chemucherechedzo wekuva nerunyararo pasi rose. Iye zvino yatova tsika yeMunyori Mukuru weMubatanidzwa weNyika kuridza bhera iri musi wa21 Gunyana, rinova Zuva roKucherechedza Runyararo Pasi Rose.



Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose iboka guru renyika dzakabatana pamwe chete kuti dzigadzirise nyaya dzezverunyararo pasi rose.



Kuitira kuti nyika dziwadzane neku-shamwaridzana zviri nani.

Kuitira kuti vanhu vose pasi rose vagare zvakanaka.

Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose unoitisa basa rokuona kuti izvi zvazadzikiswa.

Nemhaka yei nyaya dzezverunyararo pasi rose?



UN zvakanirira United Nations muChirungu. MuChishona zvinoreva Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose. Muzinda wawo uri muguta reNew York, asi Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose unoshanda mabasa ezverunyararo nebudiriro munyika dzepasi rose.



Hoo, ndazvinzwisa! UN mavara anomirira United Nations, muChishona zvichireva Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose.



Nhoroondo yeMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Mubatanidzwa weNyika
dzePasi Rose
wakavambwa
mugore ripi?



Muna 1941, munguva yeHondo yeChipiri yePasi Rose....



Vanhu vazhinji
vakarasikirwa neupenyu
hwavo muhondo iyi.



Franklin D. Roosevelt
Mutungamiri weUnited States
(1933-1945)

Ngatione kuti
pasi rino
harizovi nehondo.



Sir Winston Churchill
Mutungamiri
weUnited Kingdom
(1940-1945)

Ngatikurukure nyaya
iyi nedzimwe nyika.




Muna 1945,
vatungamiri
venyika makumi
mashanu vakaungana
muguta reSan Francisco,
munyika yeU.S.A.
Ngatiombe sangano
renyika dzepasi rose.



• Mucherechedzo weMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose



Mepu yepasi rose yakatenderedzwa nemapazi emurara, semucherechedzo werunyararo.



The United Nations was founded on 24 October 1945.



Naizvozvo gore roga roga musi wa24 Gumiguru, vanhu pasi rose vanopemberera Zuva roKuvambwa kwe Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose (UN Day).



Saka Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose unoita sehurumende yenyika dzepasi rose here?

Kwete. Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose wakada kufanana neparamende yenyika dzepasi rose, umo nyika dzose dzakasununguka dzinosangana nekutaura nezvenyaya dzakasiyana-siyana dzine chokuita nepasi rino.



Ko nyika inova nhengo yeMubatanidzwa uyu zvaita sei?



Nyika yose zvavo inozivikanwa kuti yakasununguka uye ichikoshesha pfungwa yezverunyararo inokwanisa kuva nhengo.



Parizvino, nyika zana namakumi mapfumbamwe neimwe (191) iNhengo dze-Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose.

Gungano Guru reMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Dare Guru (General Assembly)

Ko Mubatanidzwa weNyika
dzePasi Rose unomboiteiko?
Unoshanda sei?




Chekutanga Mubatanidzwa weNyika
dzePasi Rose une mapazi anokwana
matanhato anoronga nekutora matanho.



Dare Guru iri rinosangana
kamwe gore roga roga,
richikurukura nyaya
dzakawanda.

Aya ndiwo
mamiro
arakaita.



• Mitauro mitanhatu inoshandiswa neMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Chichainizi

Runyararo mumitauro yakasiyana-siyana



Chisipanishi

平和

Chifurenji


Peace

Chirungu

السلام

Chiarabhu

Chirashiya



Musangano weDare Guru wegore roga roga unowanzotanga mumwedzi wa Gunyana.




Nhengo yoga yoga ine vhoti imwe chete uye matanho anotorwa ndeayo anenge abvumwa nenhengo dzakawanda. Matanho maererano nenyaya dzakakosha anoda uwandu hwenhengo dzinosvika zvikamu zviviri kubva muzana.

3



Ko Dare Guru rinotora matanho akaita seapi?



Chekutanga, Dare rinosarudza mutungamiri.

Panopera makore mashanu oga oga, Dare Guru re Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose rinosarudza Munyori Mukuru.



Zvekare Nhengo dzeNyika dzinobvumirana kuti imari yakawanda zvakadii ingadiwa neMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose uye kuti ichashandiswa sei?



Kufanana nebhajeti yemumba yepasi rose!

Runyararo nekudzivirirwa kwabongozozo munyika

Bazi reKuchengetedzwa kweRunyarararo



• Nhengo Shanu Dzisingabviswi dzeBazi rezveKuchengetedzwa kweRunyararo neKudzivirirwa kweNyika

Nyika shanu idzi dzine kodzero yekuvhota kuti, "Kwete".
Vhoto iyi inodaidzwa kuti "Vhito".



Bazi rezveKuchengetedzwa kweRunyararo neKudzivirirwa kweNyika rinokwanisa kusangana nguva ipi zwayo, uye rine nhengo gumi neshanu (15) dzinokwanisa kuvhota; shanu dzacho ndidzo nhengo dziya dzisingabviswi, gumi dziri nhengo dzinozobviswa kana nguva yadzo yokushanda senhengo mubazi iri yakwana.

Nhengo dzacho dzinoramba dziripo ndedzipi?



Nhengo dzinoramba dziri mubazi iri dzinoti: China, France, Russia, United Kingdom neUnited States.



Nhengo dzinozobviswa dzinosarudzwa pakupera kwemakore maviri oga-oga neDare Guru.



Munhengo gumi neshanu idzi, pfumbamwe dzinofanira kuvhota kuti chibvumirano chitamirwe. Asi kana nhengo imwe chete yedziya shanu dzinoramba dziripo ikavhota kuti "kwete", chibvumirano ichi hachitamirwe neBoka rose.



Vakomana! Inga nhengo shanu idzi dzine masimba makuru!



Hongu! Zvekare Nhengo dzose dzeMubatanidzwa weNyika Pasi Rose dzinofanira kutevedzera zvisungo zveBoka reKuchengetedzwa Runyararo neKudzivirirwa kweNyika.



Zvakanangana nebudiriro yemunhu wose:


Kanzuro yezveUpfumi neMagariro eVanhu



• Mubairo weKukurudzira Kuchengedza Runyararo



Mashandiro eMubatanidzwa weNyika Dzose pamwe nevamiriri vawo vakapiwa Mubairo weKukurudzira Kuchengedza Runyararo, uyo unodaizwa kuti Nobel Peace Prize muChirungu, kanokwana kagumi nekatatu (13) kubva mugore ra1945 kusvika 2005. Mubairo uyu unopiwa kumunhu pachezvake kana kumasangano anokurudzira runyararo pasi rose kuburikidza nekuita mabasa anaita kuti nyika dziwadzane nekushamwaridzana zviri nani.



Zvokare pane bazi reUNESCO, muChirungu zvichimirira kuti United Nations Educational, Scientific and Cultural Organisation, zvichireva Sangano rezveDzidzo, Umhizha neTsika dzeVanhur. Sangano iri rinochengetedza nzvimbo dzose dzakakosha dzinova nhaka kuzvizvarwa zvenyika pamwe nekukurudzira dzidzo yevana kwese kwese.



Mamwe emapazi akakosha eMubatanidzwa weNyika Pasi Rose nemabasa awo

Kanzuro yezveRubatsiro kuNyika Dzisingachakwanisi Kuzvitonga,
Dare reDzimhosva Pasi Rose neBoka Rinofambisa Mabasa
eMubatanidzwa weNyika (Secretariat)



• Munyori Mukuru weMubatanidzwa weNyika Dzose

Kutanga gore ra1946 kusvika 2006, Vanyori-Vakuru veMubatanidzwa weNyika Dzose vanoti:



1. Trygve Lie (Norway) 1946 - 1952
2. Dag Hammarskjöld (Sweden) 1953-1961
3. U Thant (Myanmar) 1961 - 1971
4. Kurt Waldheim (Austria) 1972 - 1981
5. Javier Perez de Cuellar (Peru) 1982 - 1991.
6. Boutros Boutros-Ghali (Egypt) 1992 - 1996.
7. Kofi Annan (Ghana) 1997 - 2006



Bazi
rechishanu
iDare
reDzimhosva
Pasi Rose



Nyika dzinokwanisa
kuunza mhosva
dzadzakapirirwa
nedzimwe nyika
kuDare iri.



Dare reDzimhosva iri
riri muguta re
The Hague, munyika
yeNetherlands.
Rine majaji gumi
nemashanu (15)
anosarudzwa
neMunyori Mukuru
weDare
Guru neBazi
rezveKuchengedzwa
Runyararo
neKudzivirirwa
kweNyika.

6

Bazi rechitanhatu iBoka
Rinofambisa Mabasa
eMubatanidzwa weNyika
Dzose (Secretariat), iri rine
vashandi vangangosvika
zvuru gumi nezvishanu zvine
mazana matanhatu (15 600).
Vashandi vangangosvika
zvuru zvisere nemazana
mapfumbamwe (8 900)
ndivo vanobhadharwa vari
pasi pehomwe yenguva
dzose inobva kunyika dzino
svika zana nemakumi
manomwe(170). Mutungamiri
weBoka reVashandi ava ndiye
Munyori-Mukuru
anoona nezvemashandiro
emapazi ose
eMubatanidzwa weNyika.



Munyori Mukuru anosarudzwa neDare
Guru kuburikidza nemazano anenge apiwa
neBazi rezvoKuchengedzwa Runyararo. Nguva
zhinji Munyori-Mukuru anenge asarudzwa anoshanda
kwetemu inosvika makore mashanu. Anokwanisa
kusarudzwa zvekare kushanda kwetemu
yepiri asi kwete kudarika.

Nyaya dzemunhu wose dzezveMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose



Iyezvino, ngatichienda
tinoona mabasa anoitwa
neMubatanidzwa
weNyika Dzose!

Nyaya dzemunhu wose dzezveMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Tinenge tiri tose munguva dzematambudziko (Asia-Pacific)

Mazana ezvuru zvavanhu akarasikirwa neupenyu, vamwe mamiriyoni vakakanganisirwa upenyu hwawo kuburikidza nenjodzi dzinoitika dzeka dzakaita semafashamo emvura, kundengendeke kwenyika nedzimwe njodzi. Mubatanidzwa weNyika Dzose unoitika basa rakakosha zviku mukufambiswa kwerubatsiro wekutsigira vanhu vanenge vasanganidzana namatambudziko akaita setsunami, mvura ine mhepo dzinoparadza, mafashama, nzara nekundengendeke kwenyika



Mubatanidzwa weNyika Dzose unobatsira nezvinhu zvakaite sechikafu, mishonga, pokugara uye rutsigiro mune zvekurima, kuredza hove, mvura yekunwa nezvirongwa zveutsanana kubatsira vanhu kuti vatange kugara upenyu hwakanaka. *UNESCAP* ndiyo iri kufambisa Homwe yeKubatsira Vanhu Vakaparadzirwa Upenyu neTsunami (*Tsunami Trust Fund*) iyo inopa mari kuzvirongwa zvekubatsira vakakanganisirwa upenyu netsunami. Zvekare Homwe iyi iri kubatsira muurongwa hweumhiza hwekuongorora nyanza yeIndian Ocean kuti vanhu vagozviswa pachine nguva kana tsunami yavapadyo kuuya (*Indian Ocean Early Warning System*). Izvi zvinobatsira mukudzivirira kuitika kwerimwe dambudziko rakanyanya. Rimwe Bazi rezveMubatanidzwa weNyika Dzose iSangano rezveUtano (*World Health Organisation*). Sangano iri rinoongorora utano hweveruzhinji kuitira kuti zvirwere zvinongonyuka zvichibata vanhu vakawanda zvikanise kudzivirira kuti zvisapararire kune dzimwe nzvimbo, sezvakaita seporiyo iyo yakabata vanhu vakawanda kuIndonesia.

Upenyu hwaSarah Phiri hwasanduka zviku kubva zvakaicherwa chibhorani mumusha weMzikawola waanogara kuMalawi. Chibhorani ichi chisati chaiswa, Sarah akati, "Vakadzi vemumusha uno vaitofamba kwenguva inosvika maawa maviri kuenda kurwizi kundochera mvura nokudzoka."

Zvekare Sarah anoti kunze kwekuneta nekufamba mutunhu wakareba kudai, mamiriro emvura yacho anga asina kunaka. "Tairwara nezvirwere zvakasiyana-siyana pamusaka pekunwa mvura iyi. Asi iye zvino zviwere izvi haticharwari nazvo".

Sarah Anofarira Kushandisa Mvura Yakachena (Malawi, Africa)



Maawa maviri aishandiswa nevakadzi vemumusha unogara Sarah zuva roga-roga kundochera mvura kurwizi avhura imwe mikana yekuita zvimwe zvinovabatsira. Sarah anoti vamwe vakadzi vava kutowedzera kurima mbeu dzekudya dzinovabatsira kuwana kudya kune utano pamwe nekuwana mari. Zvirimwa izvi zvinotengeswa kumisika kana kuchinjaniwa nezvimwewo zvirimwa nevamwe. "Kunyangwe chiri chibhorani chidiki-diki kudai, asi chaunza zvinhu zvakanaka zvinobatsira, zvakaite sekugadzikana kwehana dzevanhu pamwe nekugara upenyu huri nani".

Nyika inogara Sarah yeMalawi, ndeimwe yenyika makumi mana nepfumbamwe dzinonyanyotambudzwa neurombo pasi rino. Vanhu vanodarika chidimbu chapakati chavanhu vanosvika mazana matanhatu ane makumi mashanu emamiriyoni (650 million) vanogara munyika idzi vanorarama nemari isingadariki dhora rimwe chete rekuAmerica pazuva. Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose unotsigira zvirongwa zvakaite sekuchera zvirimwa kuitira kuvandudza upenyu hwavanhu vakaita saSarah nenzvimbo yaanogara.

Nyaya dzemunhu wose dzezveMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Kodzero yeKuwana Dzidzo (India)



Vavararo yaAarti, uyo ane makore gumi nematanhatu, yekuwana basa yakaswedera padyo nekuti itike apo akatanga kushanda muurongwa hweIndia's Doorstep School, uhwo hunopiwa mari neUNICEF kuti huunzwe dzidzo kuvana vanogara mumugwagwa. Aarti akamanikidzwa kusiya chikoro ane makore gumi. Nguva zhinji akapedza achitsvaga tumabasa twakangosiyana-siyana muguta reMumbai, uye achigara mumugwagwa naamai vake nehanzvadzi dzake. Asi pari zvino ari kudzidzira basa rokusarudza nekutengesha muruva pamwe nekudzidzira kunyora nekuverenga. Shungu dzaAarti dzekuti agozwana basa rakanaka kuti agobetsera amai vake nevahanzvadzi dzake dzingangozadzikiswa. Kunyangwe zvazvo achiri kusangana nezvibingamupinyi zvakwanda, akwanisa kudarika chekutanga kuburikidza nekuwana kodzero yake

yokuwana dzidzo.

Chisungo chezveKodzero dzeVanhu Pasi Rose (*Universal Declaration of Human Rights*) chinotaura kuti, munhu wose ane kodzero yekuwana dzidzo. Makomisheni nemapazi eMubatanidzwa weNyika akaita seUNICEF, UNESCO, UNDP neUNFPA anoshanda nehurumende pamwe nemamwe masangano kubatsira vana kuti vawane dzidzo iri pachena asi ichisungirwa, pamwe nekubvisa misiyo pakati vevanasikana nevanakomana mudzidzo yematanho epuraimari nesecondari.

Kodzero yeKuwana Dzidzo (Bolivia, South America)

MaGuarani, pamwe vechirudzi chemaIndiya vanogara munyika dzinoti Bolivia, Argentina, Brazil neParaguay. Makore mashoma achangopfuura, vatungamiri vemaGuarani vemuBolivia vakanyorera Mubatanidzwa weNyika tsamba. Tsamba iyi yaiti, "Makore akawanda apfuura, apo zvikoro zvakavakwa kekutanga mudunhu medu, takataurirwa kuti dzidzo ndiyo ichava nzira yekuti tibve mukusarira shure muupenyu. Takavaka zvikoro tichishandisa zvisvishoma zvataikwanisa kuwana pamwe nekukumbira Hurumende kuti itipe vadzidzisi. Asi nazvino takangomirira, hatisati taona zvatingakohwa kubva muzvikoro izvi zvatakavaka".



Dzidzo muzvikoro yanga ichidzidziswa nerurimi rweSpanish. Hurumende yakafunga kuti rurimi rweSpanish rwanga rwakakosha kudarika rurimi rwedu. Naizvozvo takamainikidzwa kudzidza Spanish. Asi kunze kwokuti dzidzo ibatsire vana kuti vabudirire, dzidzo yakatova kanganisa. Vadzidzi vazhinji pavakaona kuti vana vechiGuarani vaitadza kubata rurimi urwu vakavataurira kuti vakanga vari mapenzi uye vaiva vakasarira kumashure mune zveupenyu. Nokudaro vana vakatangana kusava nehanya nechikoro.

Mugore ra1989, mapazi maviri eMubatanidzwa weNyika anoti, UNICEF neUNESCO, akapindira munyaya iyi kuti andosandura mamiriro edzidzo munzvimbo umu. Vamiriri vemapazi aya vakasangana nevanhu vechiGuarani pamwe nevashandi vehurumende muBolivia. Kuburikidza nekubatsirwa nemasangano anoshanda munyika dzakawanda pamwe neanoita mabasa awo munyika yakareyo yeBolivia, kwakatangwa urongwa utsva hwekuwanisa vana vechiGuarani mukana wekudzidza ndimi mbiri dzinoti chiGuarani pamwe nechispanish. Urongwa uhu hwakabudirira chose.

Pari zvino vanhu vechiGuarani vava netarisiro yakanyanya. Mumwe mubereki wechiGuarani akanyorera Mubatanidzwa weNyika achiti, "Vana vedu pari zvino vakudzidza zvakanaka uye zviri nani. Vava kukwanisa kutaura pfungwa dzavo vakasununguka pasina kurangwa pamusana pokuti vataura nerurimi rwaama".

Nyaya dzemunhu wose dzezveMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Shamwari dzinotambudzika ndidzo shamwari dzomene (Afghanistan)

Kamusikana kechidiki kakati hakasati kambowanawo toyi muopenyu hwako hwose. Parizvino kakanga kava kutamba kachijamba tambo kekutanga muopenyu hwako. Vamwe vana vevapoteri vechiAfghan vakafara kuvhura zvipo zvavo zvakaputerwa zvaiva zvepenzura, makirayoni pamwe nemabhuku okunyorera. Kwemasondo akati kuti vasikana vaisungira marhibhoni matsvuku muvhudzi ravo vachifara.

Makore mashona achangopfuura, Mubatanidzwa weNyika pamwe neSangano reKudzidzisa Vanasikana Umhizha (*World Association of Girl Guides*) rakavamba urongwa hwekupa vana vevapoteri zvipo. Vasikana munyika dzinosvika makumi mashanu nembiri (52) vakaunganidza zvipo zvinosvika zvuru mazana maviri nemakumi matanhatu (260 000) kuti zvigopiwa kuvana vevapoteri pasi rose. Munyika yeJapan Sangano reVasikana rakafunga zvekuunganidza zvipo zvekupa vana vekuAfghanistan. Makore mashoma achangopfuura vanasikana vekuJapan vakawanda vakaunganidza zvipo zvinosvika zvuru mazana gumi nezvitatu zvine mazana mashanu nemakumi matatu ane zvitatanhatu (13, 536). Gare-gare vamwe vavo vatanhatu vakabhururuka nendenge kuenda kuAfghanistan kundogovera zvipo izvi kumhuri dzinogara sevapoteri.



Pavaigoverwa zvipo izvi, vana vevapoteri ndivo vakanyanyobata mwoyo yemunhu wose. Mumwe mudzidzisi akanga atakarisa vana ava vairatidzira kunyara, akanzwa zvino vadenha rumbo voimba, vachifarira zvipo. Mudzidzisi uyu akati uwandu hwezvipo zvavakapiwa hwakanga husingagoneki kuverengwa. Zvipo izvi zvingava zvinhu zvakachipa, asi kuvana ava zvaiva zvinhu zvakakosha zvavakanga vasati vambowana muopenyu hwavo (*Nyaya idzi dzakatorwa kubva mugwaro rinoburitswa neUNHCR*).

Sukatha anowana tarisiro (Cambodia)

Cambodia ndeimwe yenyika pasi rose dzine dambudziko rezvimbambaira zvakanwanda. Makore anosvika makuti matatu ekurwa hondo pamwe nemhirizhongwa pakati pezvizarwa zvemCambodia, kwakasiya zvimbambaira zvakanwanda zvakachererwa nekukandwa-kandwa nyika yose. Cambodia inyika ine hurombo hwakanyanya. Kubva mugore ra1979 vanhu vanodarika zvuru makumi mashanu nezvinomwe vakadimburwa nhengo dzemiviri nezvimbambaira, vazhinji vavo vari vana vadiki. Mumwe wevana ava ndiSukatha uyo ane makore gumi nemashanu.



Sukatha akadimburwa gumbi apo akatsika chimbambaira achienda kumusika ari munzvimbo yaanogara. Haana kukwanisa kuziva kuti zvino achaita sei, zvekare kuti achasvika kumba sei. Asi masangano akazimirira ega anobatsira vanenge vakuvadzwa nezvimbambaira akamubatsira kuti awane gumbi rekugadzirwa uye kuti agodzidza kufamba nare. Masangano aya akabatsira zvekare vemhuri yaSukatha kubrikidza nekupa zvinhu zvekuti Sukatha arambe achienda kuchikoro, zvekare nemombe yemukaka pamwe nekuti mhuri iyi igowanawo imwe mari.

Masangano eMubatanidzwa weNyika Pasi Rose anoshanda pamwe chete kubvisa zvimbambaira, kudzidzisa vanhu nezvezvimbambaira pamwe nekubatsira vakuvadzwa. Sangano rinokurudzira kushandiswa kwezvimbambaira rinonzi *Mine Action Service*, rinotsigira urongwa hwekukurudzira pamwe nekuzadzikisa Chibvumirano chezveKubhanwa kweKushandisa Zvimbambaira (*Mine Ban Treaty*), icho chakatambirwa nyenika dzinosvika zana namakumi matatu ane nhanhatu (136) uye chikasinwa nyenika zana namakumi mana ane seri (148). Zvekare sangano iri rinoona nezvemabasa emamwe mapazi eMubatanidzwa weNyika akaita seUNICEF neUNDP richibatsirana nemasangano akazimirira ega akaita seInternational Red Cross neMine Advisory Group nemamwe mapazi ehurumende akaita seCambodian Mine Action Centre.

Nyaya dzemunhu wose dzezveMubatanidzwa weNyika dzePasi Rose

Kuchengedza Hwaudiki (Viet Nam)



ILO/Nick Rain
"Haasi mudambudzikwo rekutengeswa"

Thuy anogara mumugwagwa nehanzvadzi yake pamwe namai vake kunyika yeViet Nam. Vanorarama nekutengeswa magaba nemabhotoro kuti vawane mari yekubatsira amai vavo vanorwara. Thuy munhu ane dambudzikwo rekudzvanyirirwa. Dambudzikwo guru rekuona vanasikana nevanakomana vachitambudzika nekushanda mumugodhi ine njodzi; uye nekubatwa vachitengeswa kuti vagoita mabasa oufeve; zvekare nekumanikidzwa kuti vashande kwenguva refu sevashandi vemudzimba, mumamapurazi nemuzvitoro zvezvhwitsi, kwakaita kuti nyaya yekushandiswa kwevana kuongororwe nehurumende pamwe namasangano ezvizvarwa zvenyika.

Mubatanidzwa weNyika unobatsira vana kuti vabve mumigwagwa pamwe nekuongorora misha inogara vanhu vakawandisa kuti vanhu ava vagopiwa rubatsiro. Unofambisa urongwa pamwe nerubatsiro rwepokugara, rwedzidzo, rwekuvadzidzisa mabasa okuti vazviriritire, pamwe nekusanganisa vanhu vemhuri imwe chete. UNESCAP ibandi rezveBazi reMubatanidzwa weNyika rinorwisana nedambudzikwo rezveKutengeswa kweVanhukadzi neVana (UN Inter-Agency Project on Trafficking in Women and Children) mudunhu reMekong. Bazi iri rakanangana nenyika shanu dzeSouth East Asia pamwe neChina.



Sangano rezveMabasa Pasi Rose (International Labour Organisation ILO) pamwe neUrongwa hwaro hweKurwisana neKushandiswa kweVana rakaparura urongwa hwekukurudzira hurumende dzose kuti dzitambire Chibvumirano chezveMhando Dzakanyanyoipa dzeKushandisa Vana (Worst Forms of Child Labour Convention). Pane zviivumirano zvakanakisa chaizvo zveMubatanidzwa weNyika zvakanangana neKodzera dzeVana zvinoona kuti vana vachengeledzwa uye vadzivirirwa kunjodzi. Mubatanidzwa weNyika inocherechedza zviku kukosha kwevana, naizvozvo wakataura kuti makore gumi anotanga 2001 kusvika 2010 anofanira kunge ari ekucherechedza Tsika yezveRunyararo neKubatwa Kwakanaka kweVana (International Decade for a Culture of Peace and Non-Violence for Children).

Paul anochengetedza upenyu (Mexico)



Kufanana nevanogadzira musoro pasi rose, Paul Lopez aumba ushamwari hwakadzama nevanogadzira musoro. Vanoteerera zvaanotaura maeraro nekuti vangaratidzika sei uye anotaurawo nezvemutambudziko eumwe nemumwe wavo. Asi sezvo saruni yake iri muguta reMexico City, Paul anotoita zvinodanika kudzidzisa vanhu nezvemucheno pamwe nekungotaura tunyaya-nyaya. Anopa rubatsiro runokwanisa kuchengedza upenyu.

Paul akadzidziswa pasi pechirongwa chinotsigirwa neMubatanidzwa weNyika chekukurudzira ruzivo nezvedenda reHIV/AIDS kuvanhu vanouya kusaruni yake kuzogadzirwa musoro. Nekuda kwekuti vanoteererwa nevanhu vavanogadzira musoro, vagadziri vemisoro nevageri vakawanda vava vanhu vakakosha kushanda navo muurongwa hwekudzidzisa vanhu nezvedenda iri uye kuti vangazvidzivirire sei. Urongwa uhu hunonzi, "Kamucheka Kapfuku Ndiko Hwaro hweUpenyu: Kudzivirira HIV/AIDS" (Red Ribbon Link to Life: Preventing HIV/AIDS), hunotsigirwa neUNICEF pamwe neUNAIDS. Urongwa uhu ndeumwe hwezvimwe zvirongwa zvakanakisa pasi rose. Mubatanidzwa weNyika unoita misangano midiki asi yakakosha yekukurukura maererano nenziira dzingatorwe kudzivirira pamwe nekumisa kupararira kwedenda reHIV/AIDS.

Chii chinonzi Zvinangwa zveBudiriro zveKutanga kweChuru cheMakore?

Panosvika gore ra2015, Nhengo Dzose dzeMubatanidzwa weNyika dzazvipira kuzadzikisa zvinangwa



**Zvinangwa zveBudiriro
zveKutanga kweChuru cheMakore**

**Chengetai Chidzidzo
Zvinangwa zveBudiriro
zveKutanga kweChuru cheMakore**



MunaGunyana 2000, Nhengo dzose dzeNyika dzakatambira Chibvumirano chezveKutanga kweChuru cheMakore. Muchibvumirano ichi, Hurumende dzenyika dzakabvumirana kuti hadzisi kuzozorora kusvika dzasunungura zvizvarwa vvadzo, zvinosanganisira zvose varume, vakadzi nevana, kudambudziko reurombo uho hunoita kuti vasaonekwa nevanzhu.

Zvinangwa zveBudiriro zveKutanga kweChuru cheMakore zviri pamwoyo chaipo pemabasa eMubatanidzwa weNyika. Izvi zvinova chokwadi kana takanyanyotarisa neKomisheni yezveUpfumi neMagariro eVanhu kuAsia-Pacific (UNESCAP), zviku-kuru mumabasa ayo ekurwisa pamwe nekuedza kuderedza urombo mudunhu iri.

**Zvinangwa zveBudiriro zveKutanga kweChuru cheMakore
(Millennium Development Goals MDGs)**



(Picture) #1 Kupedza dambudziko renzara neurombo hwakanyanya.

#2 Kuwanisa vana dzidzo yepuraimari inotarisiwa pasi rose.

#3 Kukurudzira kuenzana pakati pevanhurume nevanhukadzi pamwe nekuwanisa vanhukadzi mikana yebudiriro.

#4 Kuderedza ndufu dzevana vacheche.

#5 Kuona kuti vanhukadzi vane utano hwakanaka panguva yavanenge vaine pamuviri uye nepanguva yekubatsirwa.

#6 Kurwisana nedenda reHIV/AIDS, marariya nezvimwe zvirwere.

#7 Kuona kuti pava nekuchengetedzwa kwenharaunda kunoenderera mberi.

#8 Kuumba mushandirapamwe webudiriro kuburikidza nekushanda nedzimwe nyika.

www.un.org/millenniumgoals

Mubatanidzwa weNyika dzePasi Rose muZimbabwe



Chivakwa chikuru
chemuzinda weMubatanidzwa weNyika
muZimbabwe chinowanikwa
mumugwagwa unonzi
Kwame Nkrumah muguta reHarare.
Chivakwa ichi chine mahofisi
akawanda emapako
eMubatanidzwa weNyika
anosanganisa eUrongwa
hweBudiro (United Nations
Development Programme),
Homwe yezveUwandu Vanhu
(United Nations Population Fund)
nemahofisi eamwe mapoka.
Pamwe chete mapoka
eurongwa pamwe nemamwe
akakosha eMubatanidzwa
wenyika anosvika gumi
nemasere uye ose
ane mahofisi awo
muguta reHarare.

• Mepu inoratidza Muzinda weBazi rezveMashoko reMubatanidzwa weNyika muHarare



Unic Harare location



Mubatanidzwa Wenyika Dze Pasi Rose muZimbabwe

- * Food and Agriculture Organization (FAO)
- * International Labour Organization (ILO)
- * International Telecommunication Union (ITU)
- * Joint United Nations Programme on HIV/AIDS (UNAIDS)
- * United Nations Children's Fund (UNICEF)
- * United Nations Development Fund for Women (UNIFEM)
- * United Nations Development Programme (UNDP)
- * United Nations Educational, Scientific and Cultural Organization (UNESCO)
- * United Nations High Commissioner for Refugees (UNHCR)
- * United Nations Industrial Development Organisation (UNIDO)
- * United Nations Office for the Coordination of Humanitarian Affairs (OCHA)
- * United Nations Population Fund (UNFPA)
- * Universal Postal Union (UPU)
- * World Bank
- * World Food Programme (WFP)
- * World Health Organization (WHO)



The original concept for this publication was developed and translated by the United Nations Information Centre, Tokyo, Japan with illustrations by Mr. Ryuji Fujii.

The adaptations and editions in Shona are published by the United Nations Information Centre (UNIC) Harare.

Chinyorwa Chino Chakaturikirwa Kubva muChirungu kuenda muChishona naMickias Musiyiwa.

All rights reserved.

For permission to reproduce in whole or in part, please contact:
United Nations Information Centre

3rd Floor, Sanders House, Corner Jason Moyo/First Street

P.O. Box 4408, Harare

Tel: 263-4-777060/47/19

Fax: 263-4-750476

Email: unic@mweb.co.zw